

**ZIMBABWE REPUBLIC POLICE EDUCATION SECTION
GRADE 7 MID YEAR EXAMINATION 2013**

**SHONA
PAPER 1**

July 2013

Time: 2 hours

MIRAIRO KUVANYORI

1. **Pindura mibvunzo yose pabepa rauchapiwa.**
2. **Nyora mhinduro imwe chete pamubvunzo woga woga.**

VERENGA NYAYA INOTEVERA UGOPINDURA MIBVUNZO

Kunze kwakange kuchipisa zvisina mukare akamboona Mugovera uyu. Zvaiita kunge zuva rakange radzika kuuya kuzogara pedyo nenyika. Kana vari vagari vemumadhorobha avo vaive vasiri kumabasa, rwuzhinji rwavo rwaive rwuchituhwina kumatuhwino. Vamwe vaiita basa rekushapira hwahwa kuri kuedza kutonhodza pahuro. Kana kuri kumaruwa ,chembere neharahwa dzainge dzakati rashu rashu kurara mumimvuri. Vakomana nevasikana ndivo vaive mushishi yekutevedza hova vachikukuzva hove. Kupisa uku kwaive kusingatambudzi vanhu chete, zvisikwawo zvaiona ngwavaira tateguru wenhamo. Nyenze dzairira zvaifadza nzeve dzavanhu, asi kwadziri yaive nzira yekukumbira Nyadenga cuti atapudze kupisa kwaiveko.

Pasi rwainge rufuse isu vekushaya shangu tsoka dzaiita sedzichaputika. Mhuka nevanhu pakange pasisina rugare. Nyadenga aive atsamwa. Minamoto yevazhinji yaive yekuwana mvura chero yekunwa zvayo.

1. Kunze kwaive kwakamira sei musi uyu?
A kwaitonhorera
B kwaiziiirira
C kwaipisa
D kwaive nemakore
2. Mumadhorobha mazhinji vamwe vaituhwina vamwe
A vairidza nyenze
B vaikukuzva hove
C vainwa doro
D vaive vakarara pamimvuri

3. Mazwi ekuti rashu rashu sekushandiswa kwaakaitwa mundima anoreva
- A kutsva
B kudhidha
C kufamba
D kurara
4. Vaikukuzva hove ndivanani?
- A majaya nemhandara
B chembere neharahwa
C zvidhakwa
D vagari vemudhorobha
5. Kuona ngwavaira kuita sei?
- A kutambudzika
B Kunakidzwa munzeve
C kutuhwina
D kufara zvakafurikidza
6. Nyenze dzairirirei?
- A kufadza nzeve dzavanhu
B kukumbira mvura kuna Nyadenga
C kufarira kupisa
D kuti Nyadenga atapudze kupisa

ZADZISA TSUMO IDZI

7. Kukurukura
- A hunge wanzwa.
B hunge waendako
C hunge wapotswa
D hunge warumwa.
8. Nyadzi dzinokunda
- A akasara.
B akaenda.
C kuchema.
D rufu.

ZADZISA NENYAUDZOSINGWI DZINOKODZERA

9. Vapambevhу vakati dungwe vachienda kuniка kwavo
A togo
B rongondo
C zete
D pfacha

10. Takaona mheni kuti tikaziva kuti yemunhuruka yave pedyo.
A ware
B zvii
C mha
D piriviri

VERENGA NYAYA INOTEVERA UGOPINDURA MIBVUNZO

Pazororo remuchirimo vanhu vaigadzirira kufara nemhuri dzavo. Iyo mhuri yekwaDhewa yainge yakaronga mabiko makuru ekupemberera imba yaive yatengwa naTariro. Zvikoro zvakange zvisati zvavharwa apo vanhu vemumusha vakakahadzika nekuona Chomu achidzoka kubva kuchikoro kwaaiгara achidzidzako. Aive akatakiura mabhegi nemabhuku ake, achiita semunhu atovhara chikoro.

Kungosvika pamba Chomu akaridza mhere. Vanhu vaive mumba vakabuda vachifunga kuti zvimwe pane aive arumwa nemhakure sezvo musha waive wakavakirwa pedyo nechikomo. Akazviputsira pasi chipfundi chichierera nemuviri wose. Tete vakamusimudza ndokuenda naye mumba. Vakamunyaradza ndokumubvunzisia zvakange zvichimuchemedza. Akavaudza kuti akange adzingwa chikoro nemhaka yekuti aive atyora gumbo mwana wekwaMandini.

11. Nyaya iyi yakaitika mumwaka upi wegore?
A muchirimo.
B mumasutso.
C muzhizha.
D muchirimo.

12. Chii chaifarirwa nevanhu vekwaDhewa?
A kuvharwa kwezvikoro.
B kupemberera imba yaTariro.
C kuuya kwaChomu.
D kuona mhakure.

13. Chirevo chinoratidza kuti Chomu akachema zvikuru ndechipi?
- A "Kuridza mhururu."
 - B "Kurumwa nemhakure."
 - C "Kutyora gumbo."
 - D "Kuridza rukanga."
14. Nemhaka yei vanhu vakafungira kuti mwana aive arumwa nemhakure?
- A nekuti paiita kunge pasango.
 - B musha waive pedyo nechikomo.
 - C paigarwa pachifarwa.
 - D nekuti pamusha apa paichengetwa nyoka.
15. Kutyora gumbo kudini?
- A kurova munhu otyoka gumbo.
 - B kukuvadza munhu gumbo muchitamba bhora.
 - C kuitisa munhu pamuviri.
 - D kufarira munhu.

IPA DIMIKIRA RINOREVA ZVAKAFANANA NERAKAPIHWA

16. Kuruma nzeve
- A Kuruma ndebvu.
 - B Kuruma musikana.
 - C Kubaira munhu zanhi.
 - D Kubaya dede nemukanwa.
17. Munhu anoba anonzi
- A ane ruoko.
 - B ane chioko.
 - C ane meso meso.
 - D ane nhafu.
18. Kupinda nemwenje mudziva kudini?
- A kupenga.
 - B kufarisa.
 - C kutiva.
 - D kushura.

SARUDZA IZWI RINOPIKISANA NERAKASVIBISWA

19. Mukomana uyu **akareba** pane vamwe.
- A akapfupika.
 - B mudiki.
 - C akasviba
 - D murefu

20. **Harahwa** iyi inodisa nyama kunyangwe zvazvo isisina meno.

- A musikana
- B muroora
- C mukunda
- D chembere

VERENGA NYAYA INOTEVERA UGOPINDURA MIBVUNZO

Mapurisa emuGweru, Harare neMutare ari kutsvaga murume uyo ari kuuraya vanhu vakawanda nedemo mumaruwa, mumadhorobha nemumapurazi. Vanhu vose vaakauraya vaive nemaronda ekutemwa nedemo uye nzira yekutemwa nayonyaive yakafanana. Mapurisa anofungidzira kuti izvi zviri kuitwa nemunhu mumwecheteyo.

Vanhу vakaurayiwanemunhu uyu vanosanganisira vana nevakuru. Vamwevaitanga vabatwa chibharo vasati vaurayiwa. Pamwewo mhuri yese yaibva yaurayiwa. Kuponda kwadai kwakanyanya kuitwa munzvimbo dzinoti, Waterfalls, Beatrice, ChivhuneMashava. Kuuraya kwenzira yakadai kwakaita kutimapurisa afungire kuti mhondi iyi ingangova ichipenga. Mhondiiyi inonzi inozvityora kana ichitaura nevanhu zvekuti haumboifungire.

Payakapedzisira kuonekwa mhondi iyi inonzi yaive yakapfeka mudhebhe mutsvuku nebhachi dema. Inonzizve yaive yakapfeka shati chena nebhutsu nhema. Zvinofungidzirwa kuti mhondi iyi inotakurira demo mubhegi uye inenge inopfeka mbatya dzinopfekwa nemapurisa kuti isafungirwe.

21. Mapurisa ari kutsvaga chii mundima?

- A mbavha
- B mvana
- C mhondi
- D mhizha

22. Chii chaishandiswa pakuuraya mundima?

- A banga
- B mbezo
- C sanhu
- D badza

23. Mapurisa anofungidzira kuti vanhu vangani vaiponda mundima?

- A vaviri
- B mumwechete
- C vatatu
- D vana

24. Sei mhondi iyi yaipfeka mbatya dzechipurisa?

- A kuti vanhu vatye.
- B kuti vanhu vasaifungire.
- C nekuti aive mupurisa.
- D kuti asabatwe.

ZADZISA NEIZWI RINOKODZERA

25. Mukadzi anobva pane mumwe murume achinoroorwa pane mumwe
anonzi

- A nyanhanda.
- B makumbi.
- C tsvingu.
- D mvana.

26. Mwana anofa asati amera mazino anonzi

- A mushakabvu.
- B gambe.
- C rusvava.
- D rushiye.

ISA MAZWI ANOTEVERA MUUZHINJI

27. Rupasa

- A rupasa.
- B mapasa.
- C mhasa.
- D mamhasa.

28. Guvhu

- A maguvhu.
- B makuvhu.
- C guvhu.
- D tukuvhu.

SARUDZA MAZWI ANOREVA ZVAKAFANANA NEAKASVIBISWA

29. Mukwasha **akaombera** tezvara.

- A akamhoresa.
- B akakwazisa.
- C akauchira.
- D akapfugama.

30. Zirimwa hazvina kuita zvakanaka pamusoro **pebundo** rakashaya akabvisa.

- A miti
- B mashanga
- C chibage
- D sora

PEDZISA MITSARA NEMAZWI ANOKODZERA

31. Mufaro anoseka se.....

- A nzou.
- B bere.
- C mbongoro.
- D handa.

32. Takudzwa anorwa se.....

- A dhonza.
- B mhumhi.
- C mvumba.
- D dindingwe.

NYORA VANA VEZVIPUKA ZVINOTEVERA

33. Vana venyuchi

- A mazana.
- B mabori.
- C rushiriwo.
- D bwipi.

34. Mwana wenguruve anonzi

- A chigwi.
- B chiduwa.
- C kanguruve.
- D nhowa.

PEDZISA NEIZWI RAKAKODZERA

35. Kakomanakane mbiri yekuba.

- A icho
- B ako
- C iro
- D izvo

36. Zigadzi rine nungo chaizvo.

- A vake
- B kake
- C rake
- D chake

ZADZISA NEUKAMA HUNOKODZERA

37. Hanzvadzi yaamai vako unoiti

- A tete
- B muzukuru
- C sekuru
- D babamunini

38. Munhu wausina ukama naye unomuti

- A tateguru
- B mutorwa
- C mupfuuri
- D mukarabwa

SARUDZA CHIREVO CHAKANYORWA ZVAKANAKA

39. A Gomana iyi inogona.

- B Gomana iri rinogona.
- C Gomana idzi dzinogona.
- D Gomana aya anogona.

40. A "Gara pasi!" akadaro mupurisa.

- B "Gara,pasi" akadaro mupurisa.
- C "Gara!Pasi, Akadaro mupurisa.
- D "Gara pasi! Akadaro mupurisa."